**МКОУ СОШ с.п.Нижний Черек Урванского муниципального района КБР**

| Рассмотрено: | Согласовано: | Утверждаю: |
|---|---|---|
| На заседании МО учит.нач.кл. | Зам.директора по УВР | Директор МКОУ СОШ |
| МКОУ СОШ с.п.Н.Черек | МКОУ СОШ с.п.Н.Черек | с.п.Нижний Черек |
| Протокол №_1_ от 26.08.23г. | Хакунова Р.Х. | А.Ю.Тхазеплова |
| Руководитель МО | | |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| «_26_» ____08____2023г. | «_26_» ____08__2023г. | «_28__» _08____2023г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## учебного предмета «Родной язык (кабардино-черкесский)» для 3 «Б» класса на 2023-2024 уч.г.

Рабочая программа составлена на основе программы «Школа Россия»
по УМК «Адыгэ тхыбзэ» Татаровой Ф.Ж., Хубиевой Ж.А.
Нальчик: «Эльбрус» 2022г.

Учителя начальных классов
Кажоковой Залины Руслановны
I квал.категория

с.п.Нижний Черек, 2023г.

**Адыгэ тхыбзэмк1э программэм и зэхэлъык1эм щыгъуазэ ухуэзыщ1 1уэхугъуэхэр.**

Адыгэбзэмк1э зэрылажьэ программэр зэхэгъэува хьуащ пэщ1эдзэ классхэм я программэм хуэк1уэу Урысей Федерацэм щ1эныгъэм ехьэл1а унафэм ипкъ итк1э. Ещанэ классхэр адыгэбзэмк1э зэреджэ тхылъыр: Адыгэ тхыбзэ 3-нэ класс, Хьубий Ж.А., Тэтэр Ф.Ж. Налшык «Эльбрус», 2022.

«Адыгэ тхыбзэр» джыным сыхьэту 68 хухэхащ.

**Адыгэ тхыбзэр ФГОС-м тету школым щегъэджэным къалэну къегъэув:**

**Еджак1уэм езым еджэныгъэм хуи1э щытык1эр( Личностные)**

- тхыгъэм тэмэму хущытын, и къэухьым зегъэужьыным и ужь итын,щ1эуэ зыгуэр къищ1эну хуеин, и1э щ1.ныгъэм хигъэхъуэн.

**Унэт1ыныгъэ(Регулятивные):**

-къещтэ мурадыр,ар гъэзэщ1а зэрыхъуным хущ1экъу,езым план егъэув ик1и абы тету мэлажьэ.

**Щ1эныгъэ и1эным, щ1эуэ зыгуэр къищ1эным хущ1экъуныр (Познавательные):**

- мурадыр къыгуро1уэ,къоджэ,йода1уэ,зыхуеинухэр щ1эныгъэр 1уэхумк1э къыгуро1уэ,езыр – езыру зыхуеинухэр тхылъым, тетрадым кърех.

**Хуиту псалъэмакъым хыбошэ,псоми бгъэдахьэк1э щхьэхуэ къахуегъуэт.(Коммуникативные):**

- упщ1эхэр ет, адрейхэм йода1уэ,упщ1эхэм жэуап ирет; езым и еплъык1э и1эжщ,яф1эщ ещ1ыф

**Ещанэ гъэ еджэгъуэм и к1эм деж еджак1уэхэм ящ1эн хуеймрэ яхузэф1эк1ыпхъэмрэ.**

Макъ жыгъыжыгъхэмрэ макъ дэгухэмрэ.

Дамыгъэ 1-р хьэрфыпкъыу зыхэт « хьэрф зэгуэтхэм» хуэдэхэр псалъэм щызэтрихьэнк1э зэрыхъур, апхуэдээм я тхык1эр.

Псалъэм и к1уэц1к1э а-мрэ э-мрэ щызэхагъэгъуащэу 1ууэ щытыным и щхьэусыгъуэр ударенэм епхауэ зэрыщытыр.

Префикс зы-,

зэ-хэм я тхык1эм и щапхъэ нэхъ тыншхэр.

Псалъэм и зэхэлъык1эр. Щхьэ префиксхэр макъ жьгъыжьгъыуи макъ дэгууи щытынк1э зэрыхъумрэ апхуэдэхэм я тхык1эмрэ.

Щхьэ префиксхэмрэ ц1э унейхэмрэ щызэщ1ыгъум я тхык1эр.

Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр. Псалъэухар. Псалъэухам хэт псалъэхэм яку дэлъ зэпхыныгъэр.

Щыуагъэншэу ик1и хьэт1 дахэк1э зыгуэ къытетхык1ыфын, псалъэ 50-6- хъу тхыгъэр диктанту тхын.

Фонетическэ зэпкърыхыныгъэирагъэк1уэк1ын, псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэк1э зэпкърыхын, зэгъусэу зэхалъхьа планымк1э изложени сочинени ятхын псалъэ 85-95 нэс хэту.

«Грамматикэр,я тхэк1э тэмэмыр,бзэм зегъэужьыныр псалъащхьэхэм щ1эту программэм хэт материалыр щаджк1э,еджак1уэхэм ягъуэтынущ бзэм теухуауэ щ1эныгъэ.Гулъытэ хэха хуэщ1ын хуейщ еджак1уэхэм тхэк1э тэмэмыр ящ1эным.Еджак1уэхэр школым къыщыщ1эт1ысхьагъащ1э дыдэхэм къыщыщ1эдзауэ,егъэджак1уэхэр ерыщу пэщ1этын хуейщ ахэр 1эмал зэри1эк1э нэхъ щ1эх тэмэму тхэуэ егъэсэным.

Программэр зэрызэхэлъхьэри еджак1уэхэм тхэк1э тэмэмым пэщ1эдзэ классхэм ф1ыуэ щыхэгъуэзэным теухуауэщ.Программэм къегъэув еджак1уэхэм пэщ1эдзэ класс псоми макъхэмрэ хьэрфхэмрэ ятеухуауэ лэжьыгъэхэр щагъэзэщ1эн хуейуэ.

Тхэк1э тэмэмыр ящ1эным теухуауэ куэд хэтщ «Псалъэр», «Псалъэухахэр», къэ1уэтэныгъэ зэпха»зи псалъащхьэу мы программэм къыщыгъэлъэгъуа материалхэми.Еджак1уэхэр тхэным щыхуигъасэк1и егъэджак1уэм зыщигъэгъупщэ хъунукъым еджак1уэхэр гъащ1эм,ц1ыхухэм я лэжьыгъэхэм щыгъэгъуэзэн зэрыхуейр.

Щ1эныгъэ ягъуэтынымк1и,гъэсэныгъэ и лъэныкъуэк1и мыхьэнэшхуэ я1энущ езыхэр зыщыпсэу щ1ып1эм деж природэм,абы и къэхъукъащ1эхэм теухуауэ тхыгъэ къа1уэтэжхэм.

Грамматическэ материалу дэтхэнэ зы классми хухэхар егъэджыным къалэн нэхъыщхьэу т1у къызэф1игъэк1ын хуейщ.Япэрауэ,еджак1уэхэр бзэ щ1эныгъэм хищэн хуейщ.Ет1уанэрауэ,бзэм хэлъ хабзэхэм япкъ итк1э гъэува орфографием и правилэхэр яригъащ1эу,тхэк1э тэмэмыр яригъэщ1эн хуейщ.

Грамматическэ материалыр, орфографическэ правилэхэр щрагъэджк1э,дэтхэнэ зы урокми къалэну щагъэуву   щытын хуейщ еджак1уэхэм псалъэухахэр,псалъэхэр тэмэму къагъэсэбэпыфу,щыуагъэ ямыщ1у тхэфу хъуным елэжь зэпыту щытыныр.

Текстым хэт псалъэхэм зи тхык1э тэмэмыр еджак1уэхэм блэк1а зэманым яджауэ,ауэ иджыри ф1ыуэ къамыгъэсэбэпыфу щыт щрихьэльэнумэ,абыхэм егъэджак1уэм гульытэ хуимыщ1у къигъанэ хъунукъым.Еджак1уэхэм грамматическэ упражненэхэр ягъэзэщ1эным щыщ1егъэдзэн хуейр абыхэмар щыуагъэншэу зрагъэзэщ1эфынум егъэджак1уэм шэч къытримыхьэжу хуигъэхьэзыра нэужьщ.

Апхуэдэ къабзэу еджак1уэхэр хуэгъэхьэзырын хуейщ нэгъуэщ1 тхыгъэ лэжьыгъэхэми:къытетхык1ыныгъэхэм,диктант зэмыл1эужьыгъуэхэм,изложенэхэм.Тхыгъэ лэжьыгъэхэр ягъэзэщ1эным ипэ къихуэу еджак1уэхэр абы хуэгъэхьэзырын щ1ыхуейми,ахэр зэрыхуагъэхьэзыр щ1ык1эхэми егъэджак1уэм и гулъытэ хэха яхуэфащэщ.Дэтхэнэ зы тхыгъэ л1эужьыгъуэм и 1уэхуми щхьэхуэу узэгупсысын хуей хэлъщ.

Къытетхык1ыныгъэ нэхъ тыншу дыдэу щы1эр ар еджак1уэхэр тхылъым еплъурэ абы итыр,зырыщыт дыдэм хуэдэу,къытритхык1ыну мыхъумэ,абы нэгъуэщ1 зыгуэр халэжьыхьын хуейуэ щ1ыпщымытыр арщ.Еджак1уэхэм щыуагъэу ящ1ым и нэхъыбэр зыхащ1ыхьыр зи къэпсэлъык1эмрэ зи тхык1эмрэ зэтемыхуэ псалъэхэр арщ.А псалъэхэр,зэрызэхахым хуэдэу,къапсэлъыжурэ,ц1ык1ухэр абы йосэ,а псалъэхэм я къэпсэлъык1эр еджак1уэхэм егъэбыдыл1а мэхъу,ятхын хуей хъуми,а зэрызэхахым хуэдэу,ятхын хуей я гугъэщ.

Адрей щхьэусыгъуэхэр еджак1уэхэм я тхылъ къеджэк1эм психологие и лъэныкъуэк1э хэлъ 1уэхугъуэщ.

Еджак1уэхэм хьэрфхэр ящ1ыхуа нэужь,дэтхэнэ зы псалъэм хэт хьэрфми еплъурэ къеджэркъым,ат1э ахэр псалъэ псэур зэрыщыту къащтауэ е абы щыщ 1ыхьэ пашэр,зэуэ нэк1э яубыдурэ къоджэ.Ауэ щыхъук1э,зи тхык1эр зи 1ук1эм темыхуэ псалъэхэм щыуагъэ хащ1ыхь.Аращ хьэзыру я пащхьэм къитыр къытратхык1ын нэхърэ нэхъ 1уэхушхуэ зэхэмылъ лэжьыгъэми еджак1уэхэр хуэгъэхьэзырын хуей щ1эхъур.

Диктант текстым зи гугъу тщ1ахэм хуэдэ-зи тхык1эмрэ зи къэпсалъык1эмрэ зэщхьэщык1-псалъэхэр къыхэгъэбелджылык1ауэ жьэры1уатэуи тхыгъэк1и зэпкърыхын хуейщ.Диктант текстыр нэхъ зэтеухуауэ щыт правилэхэр еджак1уэхэм ягу къэгъэк1ыжын хуейщ.

Изложенэхэр ятхыным ипэ къихуэуи зи гугъу тщ1ы лэжьыгъэхэм хуэдэ ягъэзэщ1эн хуейщ.Изложенэ щатхым деж,еджак1уэхэр хуит ящ1ыну къезэгъщ.ахэр,хуей хъумэ,псалъэ гуэрхэм я тхык1э тэмэмымк1э е нэгъыщэ гуэрхэр зрагъэувынум теухуауэ егъэджак1уэм еупщ1ыну.

Зы лэжьыгъэ л1эужьыгъуэр ц1ык1ухэм щ1эх къа1эщ1оужагъуэ.Абы къыхэк1к1э лэжьыгъэм и щытык1эр щ1эх-щ1эхыурэ зэхъуэк1ын хуейщ.

Урокым зэрыхущытын хуей щ1ык1эр еджак1уэхэм яхэпщэнымк1э нэхъыщхьэр къэгъэсэбэпын хуейщ:ц1ык1ухэр 1уэхум тегъэгушхуэн,ф1агъ зэхэлъхэр щапхъэу яхуэгъэувын.ф1ым хущ1экъухэм ф1ыщ1э яхуэщ1ын,зэхуагъэм хуегъэсэн,хуэущи

## Программэм и зэхэлъык1эр

**Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ.**

1.Тхэк1э тэмэмым теухуауэ яджам къытегъэзэжын.

2.Макъ дэк1уашэхэр.

3.Макъ дэк1уашэ п1ытахэр.

4. Ударенэ.

5.Пычыгъуэ. макъ, хьэрф схьэл1ауэ псалъэр зэпкърыхыныгъэ.

**Псалъэр.**

6. Псалъэр, псалъэ зэпыщ1ар.

7.Ягъэбелджылы псалъэмрэ зыгъэбелджылы псалъэмрэ щызэдэщ1ыгъук1э зэратхыр.

**Псалъэм и зэхэлъык1эр.**

8.Псалъэ лъабжьэ.

9.К1эух.

10.Префикс.

11.Щхьэ префиксхэмрэ абыхэм я тхык1эхэмрэ.

12.Унэц1эхэм,ц1ыхухэм я ц1эхэм, псэущхьэхэм ф1аща ц1эхэм щапыувэм деж щхьэ префиксхэр зэратхыр.

13.Зэры-, мы- префиксхэр ц1э унейхэм зэрапыувэ щ1ык1эр.

14.Суффикс.

15. Псалъэпкъ.

16.Щхьэ префикс у-м и пэк1э и зэратхыр.

**Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр.**

17.Псалъэ лъэпкъыгъуэмк1э гуры1уэгъуэ.

18.Щы1эц1э.

19.Плъыфэц1э.

20.Ц1эпапщ1э.

21.Послелог.

**Псалъэухар.**

22.Псалъэухамк1э гуры1уэгъуэ.

23.Псалъэуха л1эужьыгъуэхэр.

24.Псалъэухам и пкъыгъуэхэр.

Календарнэ - тематическэ план

| № | Урокым и темэр. | Сыхь. бжыгъэр. | Унэ лэжьыгъэ | Щек1уэк1ыну р | Щек1уэк1ар. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | ***Къэпщытэныгъэ.( сыхь.15)***<br>Псальэухамрэ абыхэм щагъэув нэгъыщэхэмрэ. | 1 | Н.6, л.4 | | |
| 2. | Хьэрфыпхуэк1э кърагъэжьэу ятх псальэхэр. | 1 | Н.9, л.9 | | |
| 3. | Й-р, и-хэр псальэм къызэрыщык1уэр. | 1 | Н.12, л.13 | | |
| 4. | Макъ э-р хьэрфзешэ а-к1э къыщагъэлъагъуэр | | Н.14,л.17 | | |
| 5. | У-м и пэк1э Ы къыщык1уэр | 1 | Н.16, л.21 | | |
| 6. | *Къызэрапщытэ диктант «Лэжьэнк1э ерыщ».с.40* | 1 | Н.13, л.20 | | |
| 7. | Макъ дэк1уашэхэр. | 1 | Н.18, л.24 | | |
| 8. | Макъ дэк1уашэхэр. | | Н.20,л.27 | | |
| 9. | *Бзэм зегъэужьын. «Бжьыхьэ дащафэ»* | 1 | Н.20,л.27 | | |
| 10. | Макъ дэк1уашэ жьгъыжьхэмрэ дэгухэмрэ. | 1 | Н. 21, л.30 | | |
| 11. | Макъ дэк1уашэ п1ыт1ахэр. | 1 | Н. 24, л.35 | | |
| 12. | Ударенэ. | 1 | Н.27,л.38 | | |
| 13. | Ударенэ. | 1 | Н.28, л.40 | | |
| 14. | *Къызэрапщытэ диктант «Ди хэкур».с.48* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 15. | Пычыгъуэ, макъ, хьэрф слъытауэ псальэхэр зэпкърыхын. | 1 | Н.30,л.42 | | |
| 16. | ***Псалъэ.(сыхь.3 )***<br>Псалъэр. | 1 | Н.32,л.45 | | |
| 17. | Псалъэ зэпыщ1ар. | 1 | Н.34 л.48 | | |
| 18. | Псалъэ зэпыщ1ахэм я тхык1эр. | 1 | Н.36, л.54 | | |
| 19. | Псалъэ зэпыщ1ахэм я тхык1эр. | 1 | Н. 37, л.57 | | |
| 20. | *Къызэрапщытэ къытетхык1ыныгъэ.* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 21. | ***Псалъэ зэхэлъык1эр ( сыхь.16)***<br>Псальэм и зэхэльык1эр. Псалъэ лъабжьэ. | 1 | Н.40, л.60 | | |
| 22. | Псалъэ лъабжьэ. | | Н.43,л.67 | | |
| 23. | К1эух. | 1 | Н.44, л.70 | | |
| 24. | К1эух. | 1 | Н.47, л.76 | | |
| 25. | *Къызэрапщытэ диктант «Хьэ гъэса». с.48* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 26. | Префикс. | 1 | Н.49 л.81 | | |
| 27. | Щхьэ префиксхэмрэ абыхэм я тхык1эхэмрэ. | 1 | Н.50,л.82 | | |
| 28. | Щхьэ префиксхэмрэ абыхэм я тхык1эмрэ. | 1 | Н.51, л.84 | | |
| 29. | Унэц1эхэм,ц1ыхуц1эхэм ,псэущхьэхэм ф1аща ц1эхэм щапыувэм деж,щхьэ префиксхэр зэратхыр. | 1 | Н.53, л.88 | | |
| 30. | Щхьэ префиксымрэ абы и ужь къиувэ макъымрэ щызэщхьым деж я тхык1эр . | 1 | Н.55,л.91 | | |
| 31. | Зэры-,мы- префиксхэр ц1э унейхэм зэрапыувэ щ1ык1эр. | 1 | Н.59, л.96 | | |
| 32. | Суффикс. Псальэк1эм щыт хьэрфымрэ а псалъэм пыувэ суффиксымрэ щызэщхьыр. | 1 | Н.61,л.101 | | |
| 33. | Суффикс. Псальэк1эм щыт хьэрфымрэ а псалъэм пыувэ суффиксымрэ щызэщхьыр. | 1 | Н.63,л.106 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 34. | *Бзэм зегъэужьын. Сочинено «Щ1ымахуэ».* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 35. | Псалъэпкъ. | 1 | Н.65, л.109 | | |
| 36. | Псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэк1э зэрызэпкърахыр | 1 | Н. 66, л.110 | | |
| 37. | Щхьэ префикс у-м и пэк1э   и къызэрык1уэр. | 1 | Н.68, л.114 | | |
| 38. | ***Псалъэ лъэпкъыгъуэхэр.(сыхь.25)***<br>Псалъэ лъэпкъыгъуэхэмк1э гуры1уэгъуэ. | 1 | Н.72, л.116 | | |
| 39. | Щы1эц1э. | 1 | Н.74, л.119 | | |
| 40. | Щы1эц1э. | 1 | Н. 76, л.123 | | |
| 41. | *Къызэрапщытэ къытетхык1ыныгъэ  Л.146* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 42. | Щы1эц1э. | 1 | Н.77, л.127 | | |
| 43. | Щы1эц1э унейхэмрэ щы1эц1э зэдайхэмрэ. | 1 | Н.78.,л.130, | | |
| 44. | *Къызэрапщытэ диктант   «Щ1ымахуэ».с.51* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 45. | Плъыфэц1э. | 1 | Н.81, л..134 | | |
| 46. | Плъыфэц1э. | 1 | Н.85, л.141 | | |
| 47. | *Бзэм зегъэужьын. Изложенэ « Бзу къэрэгъул»* с.81 | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 48. | Плъыфэц1э. | 1 | Н.86, л.142 | | |
| 49. | *Къызэрапщытэ диктант «Гъатхэр къызэрык1уэр».с.69* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 50. | Глагол. | | Н.87, л.144 | | |
| 51. | Глаголыр зэманк1э зэхъуэк1а зэрыхъур. | 1 | Н.89, л.149 | | |
| 52. | Глаголым теухуауэ къащ1ар къызэщ1экъуэжын. | 1 | Н.90, л.151 | | |
| 53. | Щхьэ ц1эпапщ1эхэр. | 1 | Н.92, л.153 | | |
| 54. | Еигъэ къызэрык1 ц1эпапщ1эхэр. | 1 | Н.94, л.156 | | |
| 55. | Зыгъэлъагъуэ ц1эпапщ1эхэр. | 1 | Н.95,л.158 | | |
| 56. | Послелог. | 1 | Н.97, л.161 | | |
| 57. | *Бзэм зегъэужьын. Изложенэ «Щы».с.84* | 1 | | | |
| 58. | Послелог. | 1 | Н.99, л.165 | | |
| 59. | Послелог. | 1 | Н.101, л.168 | | |
| 60. | *Къызэрапщытэ диктант «Бажафэ».с.58* | 1 | Правилэр къэпщ. | | |
| 61. | ***Псалъэуха.(сыхь.9).***<br>Псалъэухамк1э гуры1уэгъуэ. | 1 | Н.104, л.171 | | |
| 62. | Псалъэуха л1эужьыгъуэхэр | 1 | Н.106, л.175 | | |
| 63. | Псалъэуха л1эужьыгъуэхэр | 1 | Н.107, л.176 | | |
| 64. | Псалъэуха л1эужьыгъуэхэр | 1 | Н.110, л.183 | | |
| 65. | Псалъэуха л1эужьыгъуэхэр | 1 | Н.113,л.192 | | |
| 66. | *Къызэрапщытэ диктант «Ди щ1ып1эр».* с.63 | 1 | Н.118,л.200 | | |
| 67. | Псалъэухам и пкъыгъуэхэр. | 1 | Н.122, л.205 | | |
| 68. | Псалъэухам и пкъыгъуэхэр. | 1 | Н.123,л.209 | | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 176382614773150070335747769939328150673109022218

Владелец Тхазеплова Асият Юрьевна

Действителен С 18.04.2023 по 17.04.2024